

# ÁJINIYAZ SHAYIR DÓRETIWSHILIGINIŃ ÓZGESHELIGI

**Paxratdinov Kerimberdi Abdisayitovich**
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı oqıtıwshısı,
filologiya ilimleriniń kandidatı

**Annotatsiya:** Maqolada XIX asr qoraqalpoq adabiyotining yirik namoyondalarining biri Ajiniyoz Qo‘siboy o‘g‘li ijodi haqida fikr yuritilgan.

**Kalit so‘zlar:** XIX asr qoraqalpoq adabiyoti, Ajiniyoz Qo‘siboy o‘g‘li ijodi, didaktik mazmundagi sherlar, shoir tavalludining ikki yuz yilligi.

**Аннотация:** В статье рассматривается творчество Ажинияза Косибоя одного из крупнейших представителей каракалпакской литературы XIX века

**Ключевые слова:** Каракалпакская литература XIX века, произведения поэт Ажиния Кусибоя, дидактические стихи, 200-летие со дня рождения поэтаю

**Key words:** Karakalpak literature of the 19th century, works of Azhiniyaz’s son Kosiboy, didactic poems, 200th anniversary of the poet’s birth.

**Annotation:** The article examines the work of Azhiniyaz Kosiboy, one of the largest representatives of Karakalpak literature of the 19th century.

Qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxında kórnekli wákiller kóplep ushırasadı. Olar ádebiyatımızdıń gúllep-jasnawı ushın salmaqlı úlesin qosqan. Zaman qısıwmeti, dáwir qıyınshılıǵına qaramay qálem tebiretken insanlardıń biybaha miyrası ásirler ótse de, óziniń qunlılıǵın joǵaltpaydı. Usınday insanlardan “Bul dúnyanıń kórki adam balası – Adamnıń da kókke jeter nalası” – dep jırlaǵan ullı sóz zergerleriniń biri Ajiniyaz Qosibay ulı bolıp esaplanadı.

Jaqında ǵana, “Ataqlı qaraqalpaq shayırı hám oyshılı Ájiniyaz Qosıbay ulınıń 200 jıllıǵın keń túrde belgilew haqqında”ǵı Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń

qararı qabıl etilip, qarar tiykarında orınlarda bir qansha ilajlar ámelge asırılmaqta. Prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyev shayırımız Ájiniyaz Qosıbay ulınıń dóretiwshiligin joqarı bahalap, : “Ataqlı qaraqalpaq shayırı hám oyshılı Ájiniyaz Qosıbay ulı óziniń biytákirar hám mazmunlı dóretiwshiligi menen xalqımız mádeniyatı hám ádebiyatın rawajlandırıw, jas áwladtı watansúyiwshilik hám jaqsı ideyalar ruwhında tárbiyalaw, ózbek hám qaraqalpaq xalıqları ortasındağı ázeliy doslıq hám awızbirshilikti bekkemlewge salmaqlı úles qosqan dóretiwshı esaplanadı. Klassik shayırdıń qosıqları hám dástanlıq shığarmalarında sáwlelengen gumanizm, filosofiyalıq kóz-qaraslar xalqımız júreginen tereń orın iyelegen” – degen edi [1.]

Shınında da, Ájiniyaz Qosıbay ulınıń dóretiwshiligi, óziniń kóp qırlı, bir sırlılığı menen ádebiyat shaydaların ózine tartıp turadı. Shayır dóretpeleriniń bahalılığı sonda, onıń ádebiy miyrası eki ásirden berli óz qunıń joytpastan kiyatır. Ájiniyaz shayır zamanında ilmge qumar, dilwar hám baqsı adam bolğan. Qáleminen dóregen qosıqların ala moynaq duwtardı qolğa alıp, ózinshe atqarğan. “Saz benen sáwbetti yalğan demeńler, Adam ata binyad bolğalı bardı” – degenindey, ázelden insan saz-sáwbet penen ómir súrip kelgen. Belgili qazaq alımı Sh.Wáliyxanovtıń: “Qaraqalpaqlar – sahradağı birinshi shayırlar hám qosıqshılar” – dep biykarğa aytpağan. Al, Ájiniyaz shayır dóretiwshiligindegi biybaha shığarmalar bul mısallarğa dálil boları anıq.

Sóz zergeri Ájiniyaz Qosıbay ulı dóretiwshiligin ilimpaz alımlardan N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, Á.Paxratdinov, A.Murtazayev, Q.Bayniyazov, Q.Járimbetov, K.Allambergenov, M.Bekbergenova hám basqalar arnawlı túrde izertlep, ilmiy maqalalar járiyalağan. Olardıń bul miynetleri nátiyjesinde belgili shayırımızdın dóretiwshiligi búgingi kunge shekem jetip kelgen. Usı orında Ájiniyaz shayır dóretiwshiliginiń qunlılığı nede - degen soraw tuwıladı? Shayırdıń qosıqların oqır ekenbiz, júregimizde onıń dóretiwshiligine bolğan ıqlas artıp baradı. Mısalı onıń “Analar qosığı”nda:

Anamsań, Káábamsań, óziń ósirgen,
Kóp azaptı shul bashıńnan keshirgen,

Ótti waqtıń, ǵárip, jetim-jesirseń,

Músiybetti kóp keshirgen analar.

Haslıńız – Biypatma diyer sizlerdiń,

Halı neshuk bolır ǵárip qızlardıń,

Hásiretlikten jawdırasqan kózleriń,

Ziywardı hám hayran etti analar [2:21] –degen qosıq qatarlarında mehriban analarımız haqqında, gózzal apa-sińlilerimizdiń ayanıshlı táǵdiri haqqında bayan etken. Qosıq qatarları arqalı shayır analardıń teńi tayı joq ekenin bayan etken.

Bunnan keyingi "Arjaǵında bolmaǵansha" qosıǵında didaktikalıq mazmunda bayan etip, insaniyattı aqıllı, bilimli, dana bolıwǵa shaqıradı:

Haslı buzıq sózdi bilmes,

Násiyatqa kóńil bermes,

Aytqanıń qulaqqa kirmes,

Arjaǵında bolmaǵansha [2:40] – dep bahali pikirlerin bildirgen.

Ájiniyaz Qosıbay ulınıń dóretiwshiligin izertlegen ilimpazlar onıń qosıqların mazmunlıq jaqtan úyrenip, didaktikalıq mazmundaǵı, ıshqı-muhabbat mazmunındaǵı, filosofiyalıq mazmundaǵı jazılǵan qosıqlar toparına kirgizedi. Shını menen alıp shayır qosıqların oqıytuǵın bolsak, túrli mazmunda qosıqlar jazıp qálem terbetkenin kóriwimizge boladı.

Ájiniyaz Qosıbay ulı dóretiwshiliginde filosofiyalıq pikirlerde ushırasadı. Onıń "Qasqaldaqqa bir aǵarı may pitse" rubayısında astarlı mánidegi pikirlerdi bayan etken:

Qasqaldaqqa bir aǵarı may pitse,

Ǵarqıldasıp qonar kólin tanımas.

Patshanıń dáwleti qaytayın dese,

Kózine may pitip elin tanımas. [2:68]

Joqarıdaǵı mısallardan shayır dóretiwshiliginiń ózgesheligin kóriwimizge boladı.

Ómiri dawamında kóp ǵana qıyınshılıqlardı basınan keshirgen shayır dóretiwshiligin eki ásirden berli ádebiyattanıwshı ilimpazlar, alımlar izertlep, sońına jete almay kiyatır. Sonlıqtan, "Ózbekstan qaharmanı" I.Yusupuv "Áyt sen, Ájiniyazdıń qosıqlarınan" atlı qosıǵında Ájiniyaz shayır dóretiwshiligine óziniń húrmetin bildirip, bılay deydi:

Juldızlardı jerge úńiltpek bolsań,
Jaman shayırlardı túńiltpek bolsań,
Eger men ólgende tiriltpek bolsań,
Ayt sen, Ájiniyazdıń qosıqlarınan [3:25]

Ulıwma alıp aytqanda, qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli wákili, klassik shayırımız dóretiwshiligin izertlew áhimyetli másele. Sebebi, Ájiniyaz Qosıbay ulı óz dóretpeleri menen XIX ásir Qaraqalpaq ádebiyatınıń irge tasın qalaǵan iri tulǵalardıń biri bolıp qaladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. www.president.uz

2. Ájiniyaz., O'RIAQB "Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı"., baspaǵa tayarlawshılar filologiya ilimleriniń doktori Q.Bayniyazov, filologiya ilimleriniń kandidatı A.Alniyazov, ilmiy xızmetker T.Bayniyazova., "Ilim" baspası, 2014-jıl.

3. I.Yusupov shıǵarmaları., Nókis, Bilim baspası 2015-jıl.

4. www.wikipedia.uz

5. www.Ziyonet.uz